

**Bronx**

Distri 8, 11-18

Vòt alavans


17-25 Jen

Jou Eleksyon an

27 Jen

Eleksyon Primè 2023 yo  
**konsèy minisipal**

**gid  
elektè**



Aprann plis nan

[haitiancreole.nycvotes.org](https://haitiancreole.nycvotes.org)

**NYC  
VOTES**

Yon inisyativ Komisyon pou  
Finans Kanpay Vil New York la

# Gid Elektè 2023 NYC a

Pou w kapab wè lis kandida ki pi ajou a pou pati w la nan distri ou a, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

## Kilè pou m vote?

- Eleksyon Primè a se madi **27 Jen**.
- Ou kapab vote alavans soti samdi **17 Jen** rive dimanch **25 Jen**.
- Pa gen Vòt Alavans Lendi **26 Jen**.

## Pou kisa m ap vote?

### Fonksyon yo

- Konsèy Minisipal
- Pwokirè Distri
- Tribinal Sivil

### Pozisyon nan pati yo

- Delege nan Konvansyon Jidisyè a
- Delege sipleyan pou Konvansyon Jidisyè a
- Komite Eta a
- Komite Konte a
- Lidè Distri

Fonksyon espesifik yo ki sou bilten vòt ou a depann de kote w ap viv la ak nan ki pati politik ou ye. Chèche jwenn bilten vòt ou a nan [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

Jwenn plis enfòmasyon sou [haitiancreole.nycvotes.org](https://haitiancreole.nycvotes.org)!

## Dat eleksyon yo ak Dat Limit

|               |                                                                                                                                                                                            |
|---------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>12 Jen</b> | Dat limit demann Bilten Vòt Moun ki Absan yo (sou entènèt oswa pa lapòs)<br><i>*Si se pa lapòs ou voye bilten vòt moun ki absan ou an, Konsèy Elektoral la dwe resevwa l nan dat sa a.</i> |
| <b>17 Jen</b> | Dat limit pou enskripsyon elektè yo                                                                                                                                                        |
| <b>17 Jen</b> | Vòt alavans yo ap kòmanse                                                                                                                                                                  |
| <b>25 Jen</b> | Vòt alavans yo ap fini                                                                                                                                                                     |
| <b>26 Jen</b> | Dat limit demann pou bilten vòt moun ki absan yo (an pèsòn nan biwo Konsèy Elektoral la)                                                                                                   |
| <b>27 Jen</b> | Jou Eleksyon Primè a (6:00 a.m. pou 9:00 p.m.)<br>Dènye jou pou w poste bilten vòt moun ki absan ou an oswa depoze l nan yon biwo vòt                                                      |

## Tabdèmatyè

|   |                                         |    |                              |
|---|-----------------------------------------|----|------------------------------|
| 3 | Kijan pou w vote                        | 10 | Kisa fonksyonè ki eli yo fè? |
| 4 | A kisa pou w atann ou nan biwo vòt ou a | 11 | Konsènan konsèy minisipal la |
| 5 | Ki dwa mwen genyen antanke yon elektè?  | 12 | Kandida ki sou bilten vòt la |
| 6 | Aksesiblite                             | 37 | Konsènan NYC Votes           |
| 7 | Echantiyon bilten vòt                   | 38 | Kesyon yo Poze Souvan yo     |
| 8 | Vòt avèk klasman chwa yo                | 40 | Kontakte Konsèy Elektoral la |

# Kijan pou w vote

## Biwo vòt ak Lè pou vote

### Chèche biwo vòt ou a ak ki lè pou w vote:

- Vizite [haitiancreole.nycvotes.org](https://haitiancreole.nycvotes.org).
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487- 5496**.



## Jou Eleksyon an

Vòt yo ap ouvri nan jou eleksyon an, **27 Jen**, soti 6:00 a.m pou 9:00 p.m. Ou dwe vote nan biwo vòt yo voye w la.

**Lokal biwo vòt yo konn chanje, kidonk pa bliye tcheke adrès la anvan ou ale!**



## Vòt alavans

Ou ka vote alavans an pèsòn avan Jou Eleksyon an.

### Sa pou ou konnen

- Gen yon biwo vòt alavans yo te voye w, ki petèt diferan de biwo vòt ou tonbe nan jou eleksyon an.
- Orè yo chanje chak jou, kidonk asire w ou verifye biwo vòt ou a epi konfime orè pa yo a avan w ale.

### Dat vòt alavans yo

Samdi **17 Jen** rive dimanch **25 Jen**.



## Vòt pa Korespondans

Ou ka mande yon Bilten vòt moun ki absan si w gen yon rezon valab, tankou si w pa Nouyòk nan Jou Eleksyon an oswa si w gen yon maladi oswa yon andikap fizik.

**12 Jen** se dat limit pou w mande bilten vòt ou an sou entènèt, oswa pou Konsèy Elektoral la resevwa demann ou an pa lapòs.

Mande yon bilten vòt moun ki absan sèlman si ou gen entansyon vote pa korespondans. Si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon bilten vòt moun ki absan, ou dwe vote ak yon bilten vòt sou sèman nan biwo vòt ou a.

### Kijan pou w mande bilten vòt moun ki absan ou an:

- Vizite [nycabsentee.com](https://nycabsentee.com).
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo.
- Vizite biwo lokal Konsèy Elektoral Vil Nouyòk ou a. Dat limit la se **26 Jen** pou w soumèt demann ou an an pèsòn.

### Si ou mal pou w wè oswa si ou gen yon andikap

Pou w jwenn yon lektè ekran li bilten vòt ou an, ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib nan [nycabsentee.com/accessibility](https://nycabsentee.com/accessibility) oswa rele nan nimewo ki make anlè a.

### Swiv Bilten Vòt ou a

Ou ka suiv bilten vòt ou a an liy sou sit Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan [nycabsentee.com/tracking](https://nycabsentee.com/tracking).

# A kisa ou dwe atann ou nan biwo vòt ou a



## Prezante w pou yo ka anrejistre w lè w rive

Lè ou antre, yon mandatè biwo vòt ap montre w ki kote pou ou anrejistre prezans ou. Li pral chèche nan lis elektè ki enskri yo epi l ap verifye siyati w anvan l ba ou yon bilten vòt.

**Konsèy Pwofesyonèl: Si ou resevwa yon Fast Pass nan kourye lapòs Konsèy Elektoral la voye ba w la, mache avèk li pou w ka enskri pi vit!**

\*Ou pa bezwen bay yon pyès idantite pou w ka vote, eksepte si w se yon moun k ap vote pou premye fwa epi ou pa t bay nimewo DMV oswa nimewo sekirite sosyal lè w t ap enskri pou w vote a.



## Ranpli Bilten Vòt ou a

Make Bilten Vòt ou a pandan w ap ranpli oval ki bò kote chwa w fè a nèt. Lè se pou Konsèy Minisipal ou vote, ou ka klase jiska senk kandida nan lòd preferans, olye pou w chwazi yon sèl.

Si ou fè yon erè oswa si ou gen kesyon konsènan bilten vòt ou an, ou ka mande yon mandatè vin ede w.

\*Sonje pou w tcheke toulede bò bilten vòt ou a pou w pa pèdi anyen.



## Eskane Bilten Vòt ou a

Yon fwa ou fin ranpli bilten vòt ou an, yon mandatè ap ede w mete bilten vòt ou a nan eskanè a. Eskanè a ap fè w konnen lè vòt ou a fin arejistre.



## Pran estikè ou a

Koleksyone estikè ou a! Kole l sou rad ou, fè chèlbè avè l epi asire w zanmi w ak fanmi w gen entasyon vote tou.

# Ki dwa mwen genyen antanke elektè?

## Ou gen dwa pou w vote nan eleksyon jeneral la si:

- Ou enskri antanke elektè nan yon pati k ap òganize yon eleksyon primè nan distri w lan.
- Ou nan liy nan biwo vòt ou an anvan lè pou li fèmen an rive.

## Nan kèlkeswa eleksyon an, ou gen dwa pou w:

- Mande yon mandatè pou l ede w, oswa mande yon entèprèt si ou bezwen èd nan lang. Rele **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan entèprèt yo.
- Mache ak yon moun pou ede w vote (sof anplwayè w oswa yon reprezantan sendikal).
- Mache ak dokiman w, tankou Gid Elektè sa a.
- Vote menmsi machin vòt la anpàn.
- Vote pa bilten vòt sou sèman si non w pa nan lis elektè ki nan biwo vòt ou a.
- Yon biwo vòt ki aksesib ki pa gen okenn obstak fizik.
- Sèvi ak machin pou vote ki aksesib pou w depoze bilten vòt ou a.
- Vote kèlkeswa kapasite oswa andikap ou genyen an.

## Dwa vòt pou moun ki gen yon kondanasyon penal oswa kriminèl:

- Kondanasyon pou enfrazyon ak vyolasyon pa anpeche w vote, menmsi w ap prije pèn nan prizon.
- Si w nan prizon pou yon krim, ou pa kalifye pou w vote. Men, si yo kondane w pou yon krim epi yo sispann santans ou an, ou kapab vote.
- Si yo te kondane w pou yon krim epi yo lage w, ou ka vote. Men, ou dwe enskri ankò pou w ka vote.
- Si ou gen yon kondanasyon pou yon krim federal oswa yon kondanasyon pou yon krim nan yon lòt eta, ou gendwa enskri epi vote kanmenm Nouyòk.
- Si pou kounye a ou nan pwobasyon oswa libète kondisyonèl, ou ka vote.
- Si pou kounye a ou nan prizon pou yon deli oswa si w ap tann jijman, ou ka vote.

## Kimoun ou ta dwe kontakte si w bezwen sipò:

- Si gen yon pwoblèm ak biwo vòt ou an, di yon mandatè sa oswa rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496**.
- Si yo te vyole dwa w, rele nimewo gratis Pwoteksyon Eleksyon an pou w pale ak yon volontè Pwoteksyon Eleksyon ki resevwa fòmasyon pou sa epi jwenn sipò jiridik gratis nan **866-OUR-VOTE (866-687-8683)**.
- Pote plent bay Pwokirè Jeneral Nouyòk la nan **(866) 390-2992** oswa vizite **[ag.ny.gov/election-hotline](https://ag.ny.gov/election-hotline)**.

# Aksesiblite

Chak elektè nan Nouyòk gen dwa pou li depoze bilten vòt yo a yon fason ki prive ak endepandan. Si w bezwen èd pou w ranpli bilten vòt ou a akòz yon andikap oswa akòz ou pa metrize anglè, genyen asistans ki disponib.

## Bilten Vòt Moun ki Absan ki aksesib

Si w gen pwoblèm vizyon oswa ou pa ka make yon bilten vòt an papyè, ou ka toujou vote pa korespondans. Ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan yon lektè ekran kapab li epi tou ranpli l pa mwayen yon òdinatè. Pou mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib, vizite: [nycabsentee.com/accessibility](https://nycabsentee.com/accessibility) oswa rele **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo.

## Sèvis Lang ak Entèpretasyon

Gen entèprèt ki disponib nan plizyè biwo vòt nan vil la. Ou gendwa mande yon moun, yon fanmi w, yon zanmi oswa yon entèprèt, vini ede w konprann ak ranpli Bilten Vòt ou an.

Ou ka aprann ki biwo vòt ki pwopoze entèprèt sou [haitiancreole.nycvotes.org/accessibility](https://haitiancreole.nycvotes.org/accessibility). Ou kapab rele tou nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)**.

## Aparèy pou make Bilten Vòt yo

Aparèy pou make Bilten Vòt yo (BMD) disponib nan tout biwo vòt yo pou bay elektè yo, tankou sa yo ki avèg, ki gen pwoblèm vizyon, oswa ki gen yon andikap oubyen yon kondisyon ki ka rann li difisil oswa enposib pou yo make yon bilten vòt ak yon plim, plis aksesiblite.

Si w ta renmen itilize yon BMD, jis mande yon mandatè li! Ou ka itilize l pou w ka wè bilten vòt ou a sou yon ekran afichaj, pou w tradui l nan lòt lang, oswa pou w koute chwa w yo nan kas.

## Aparèy la bay kat fason pou w make Bilten Vòt ou a:



Ekran tòtch



Klavye (Bray)



Aparèy pou  
rale ak soufle  
nan bouch



Manèt a  
baskil

- Ou gendwa “ZOOM IN” (Agrandi) pou fè tèks la vin pi gwo, “ZOOM OUT” (Diminye) pou tèks la tounen nan dimansyon nòmal li oswa chwazi “HIGH CONTRAST” pou afiche tèks Bilten Vòt la an blan sou yon fon nwa.
- Epitou ou gendwa repete epi ajiste vitès ak volim son an nan kas la.
- Sonje! Chwa w yo pa definitiv toutotan ou pa antre bilten vòt ou an nan eskanè a epi depoze vòt ou an.
- Si ou ta renmen yon moun ede w antre bilten vòt ou an nan eskanè a, yon mandatè ap ede w.

# Echantiyon bilten vòt avèk klasman chwa

Echantiyon Bilten Vòt ki anba a la pou demonstrasyon sèlman. Li pa Bilten Vòt reyèl ou a epi si w ranpli l, sa p ap konte kòm vòt ou.

| Rank up to 5 choices<br>Mark no more than 1 oval in each column<br><br>Clasifique hasta 5 opciones<br>Marque no más de un óvalo en cada columna |                  |                       |                       |                       |                       |                       |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------|-----------------------|-----------------------|-----------------------|-----------------------|-----------------------|
|                                                                                                                                                 | Choice<br>Opción | 1st                   | 2nd                   | 3rd                   | 4th                   | 5th                   |
| <b>Candidate A</b><br>Party Name                                                                                                                | A                | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| <b>Candidate B</b><br>Party Name                                                                                                                | B                | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| <b>Candidate C</b><br>Party Name                                                                                                                | C                | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| <b>Candidate D</b><br>Party Name                                                                                                                | D                | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| <b>Candidate E</b><br>Party Name                                                                                                                | E                | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| <b>Candidate F</b><br>Party Name                                                                                                                | F                | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| <b>Candidate G</b><br>Party Name                                                                                                                | G                | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| <b>Candidate H</b><br>Party Name                                                                                                                | H                | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| <b>Candidate I</b><br>Party Name                                                                                                                | I                | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| <b>Candidate J</b><br>Party Name                                                                                                                | J                | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| Write-in<br>candidato por escrito                                                                                                               |                  | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |



## Tòp chwa mwen yo

Itilize paj sa a pou w ranje tòp chwa kandida ou yo pou Konsèy Minisipal la. Ou kapab mache ak sa a ansanm avèk ou nan biwo vòt ou a pou w gade pandan w ap ranpli bilten vòt ou an.

### Konsèy Minisipal

|      |
|------|
| 1ye  |
| 2yèm |
| 3yèm |
| 4yèm |
| 5yèm |

**Rapèl! Gendwa gen fonksyon anplis sou bilten vòt ou an selon pati politik ou ak kote ou abite a.**

Ou kapab wè yon echantiyon bilten vòt ou a nan biwo Konsèy Elektoral la nan [findmypollsite.vote.nyc](https://findmypollsite.vote.nyc).

# Vòt avèk Klasman Chwa yo

NYC sèvi ak **Vòt avèk Klasman Chwa** yo nan Eleksyon Primè ak nan eleksyon espesyal yo pou fonksyon minisipal yo: Avèk vòt avèk klasman chwa yo, ou ka klase jiska senk kandida nan lòd preferans olye pou w chwazi youn sèlman. Sa ba w plis libète pou w deside ki moun ki eli epi li ka pèmèt kandida ki pi divèsifye genyen.

## Poukisa n ap itilize Vòt avèk Klasman Chwa yo?

Nouyòkè yo te chwazi itilize Vòt avèk Klasman Chwa yo nan kad yon mezi pou Bilten Vòt an 2019. Li te pase avèk 73,5% sipò.

## Ki fonksyon mwen pral vote avèk Vòt avèk Klasman Chwa yo?

Ou pral itilize Vòt avèk Klasman Chwa yo pou vote pou Konsèy Minisipal la nan mwa Jen an. Men, li pwobab pou gen lòt fonksyon ki make sou Bilten Vòt ou an, tankou pòs pou jij, ki p ap itilize Vòt avèk Klasman Chwa yo, paske yo pa fonksyon minisipal.

## Kòman pou mwen ranpli bilten vòt la ak Vòt avèk Klasman Chwa yo?

- 1 Chwazi premye kandida w la epi ranpli oval ki akote non l anba 1ye kolòn nan konplètman.
- 2 Si ou gen yon dezyèm kandida, ranpli oval ki bò kote non li anba 2zyèm kolòn nan.
- 3 Ou ka klase jiska 5 kandida. Ou ka toujou vote pou yon sèl kandida sèlman. Si w klase lòt kandida, sa p ap yon pwoblèm pou premye chwa w la.

|                                                                                                 | 1                                | 2                                | 3                                | 4                                | 5                                |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|
| Candidate A  | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input checked="" type="radio"/> | <input type="radio"/>            |
| Candidate B  | <input checked="" type="radio"/> | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            |
| Candidate C  | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input checked="" type="radio"/> | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            |
| Candidate D  | <input type="radio"/>            | <input checked="" type="radio"/> | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            |
| Candidate E  | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input checked="" type="radio"/> |

Vizite [haitiancreole.nycvotes.org/rcv-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/rcv-ballot) pou egzèse Vòt avèk Klasman Chwa yo sou yon Echantiyon Bilten Vòt.

|             | 1                                | 2                                | 3                                | 4                                | 5                     |
|-------------|----------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|-----------------------|
| Candidate A | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input checked="" type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| Candidate B | <input checked="" type="radio"/> | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/> |
| Candidate C | <input checked="" type="radio"/> | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/> |
| Candidate D | <input type="radio"/>            | <input checked="" type="radio"/> | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/> |
| Candidate E | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input checked="" type="radio"/> | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/> |

Pa **bay** plizyè kandida menm klasman an. Si ou chwazi plis pase yon sèl kandida kòm premye chwa w, **bilten vòt ou an p ap valab**.


|             | 1                                | 2                                | 3                                | 4                                | 5                                |
|-------------|----------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|
| Candidate A | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            |
| Candidate B | <input checked="" type="radio"/> | <input checked="" type="radio"/> | <input checked="" type="radio"/> | <input checked="" type="radio"/> | <input checked="" type="radio"/> |
| Candidate C | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            |
| Candidate D | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            |
| Candidate E | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            | <input type="radio"/>            |

Pa **klase** yon kandida plis pase yon sèl fwa. Si ou fè sa, se pi gwo klasman ou bay pou li a ki pral konte.


# Kijan yo pral konte bilten vòt avèk klasman chwa yo?

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan vòt avèk klasman chwa yo, al gade kesyon yo poze souvan sou vòt avèk klasman chwa yo ki nan **Paj 39** oswa vizite [haitiancreole.nycvotes.org/rcv](https://haitiancreole.nycvotes.org/rcv).

Si pa gen okenn kandida ki genyen plis pase 50% nan vòt premye chwa yo, lè sa a yo pral nan lòt tou.




Si yon kandida resevwa plis pase 50% nan vòt premye chwa yo, li genyen eleksyon an.




Nan chak tou, kandida ki gen mwens vòt la ap elimine. Si yo elimine kandida ki pi wo nan klasman ou an, vòt ou a ap pase pou pwochen kandida ki vin pase pou pi wo a nan bilten vòt ou a.

| Bilten Vòt ou an | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|------------------|---|---|---|---|---|
| Kandida A        | △ | ○ | ● | ○ | ○ |
| Kandida B        | △ | ○ | ○ | ○ | ○ |
| Kandida C        | △ | ○ | ○ | ○ | ○ |
| Kandida D        | △ | ○ | ○ | ○ | ○ |
| Kandida E        | △ | ● | ○ | ○ | ○ |
| Kandida F        | △ | ○ | ○ | ○ | ○ |



Pwosesis sa a ap kontinye jiskaske gen sèlman 2 kandida ki rete.

| Bilten Vòt ou an | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|------------------|---|---|---|---|---|
| Kandida A        | △ | ○ | ● | ○ | ○ |
| Kandida B        | △ | ○ | ○ | ○ | ○ |
| Kandida C        | △ | ○ | ○ | ○ | ○ |
| Kandida D        | △ | ○ | ○ | ○ | ○ |
| Kandida E        | △ | ● | ○ | ○ | ○ |
| Kandida F        | △ | ○ | ○ | ○ | ○ |



**Kandida a ki resevwa majorite vwa yo ap genyen!**

# Kisa fonksyonè ki eli yo fè?

Fonksyonè ki eli nou yo gen pou yo pran desizyon ki gen enpak sou travay, lojman, edikasyon, swen sante ak lòt ankò, chak jou. Aprann plis sou fonksyon ki sou bilten vòt ou a.

Pou w kapab wè lis kandida ki pi ajou a pou pati w la nan distri ou a, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

## Fonksyon minisipal yo

### Konsèy Minisipal

Konsèy Minisipal la se branch lejislatif, oswa ki fè lalwa, nan gouvènman Vil Nouyòk la. Gen 51 manm. Manm konsèy yo jeneralman mandate pou 4 lane (2 manda youn dèyè lòt maksimòm).

- Apre resansman 2020 an, yo te reyaranje distri Konsèy Minisipal yo pou yo te ka ajiste a chanjman ki genyen nan popilasyon an. Poutèt pwosesis sa a, Manm konsèy ki eli ane sa apral gen yon manda 2 lane nan distri yo fenk delimite yo. An 2025, yo ap rekòmanse ak manda 4 lane yo.
- Prezante ak vote pwojè lwa yo.
- Negosye ak apwouve bidjè vil la.
- Siveye ajans minisipal yo.
- Pran desizyon sou kwasans ak devlopman vil nou an.
- Founi sipò pou Konstitiyan yo.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](https://findmypollsite.vote.nyc).

## Fonksyon konte yo

### Pwokirè Distri

Pwokirè distri a se pwokirè prensipal nan konte l la. Yo eli yo pou 4 lane. Pa gen limit nan manda.

- Deside ki dosye pou yo pouswiv (ak ki dosye pou yo pa pouswiv).
- Sipèvize tout pouswit penal yo.
- Ankete ak pouswiv konpòtman kriminel.

## Jij yo

### Tribinal Sivil – Konte ak Distri

Jij Tribinal Sivil yo ka reprezante Konte oswa Distri, kidonk ou ka wè plis pase yon jij tribinal sivil sou bilten vòt ou a. Jij yo eli pou 10 lane epi yo tande afè tankou:

- Afè sivil ki plis pase \$50,000.
- Afè ant pwopriyetè ak lokatè epi pwosè ki konsène kenbe estanda lojman yo.
- Pouswit penal enfraksyon yo.

## Pozisyon nan pati yo

Se pa pòs nan gouvènman an yo ye, men se pito wòl lidèchip nan pati politik lokal yo yo ye. Tanpri sonje responsablite espesifik chak fonksyon ki anba la a kapab chanje dapre pati politik ou ak kote ou abite a. Selon pati politik ou, gendwa gen plizyè pòs nan pati a sou Bilten Vòt ou an, ki divize an jan, pou pwomouvwa egalite ant jan yo.

### Delege nan Konvansyon Jidisyè a

Delege pou Konvansyon Jidisyè a chwazi kandida pou pati yo a pou Kou Siprèm Eta a. Se Distri Asanble w la ki detèmine kantite delege ou ka vote pou yo. Bilten Vòt ou an ap di w konbyen Delege ou ka chwazi.

- Ale nan Konvansyon Jidisyè pati yo a.
- Chwazi kandida pati yo a pou Kou Siprèm Eta a nan eleksyon jeneral yo.
- Yo chwazi Lòt Delege si Delege yo pa kapab sèvi (menm jan ak lòt delege yo nan yon jiri).

### Manm Komite Eta a

Manm Komite Eta yo reprezante Distri Asanble yo andedan pati politik Eta a. Manm komite yo eli pou de lane.

- Patisipe nan konvansyon pati eta a ak nan reyinyon anyèl yo.
- Sèvi kòm yon lyezon ant kominote yo, fonksyonè lokal ki eli yo, gouvènman vil la ak kandida politik yo.

## Manm Komite Konte a

Manm komite konte yo chwazi lidè konte yo pou pati politik yo ak kandida pati yo pou eleksyon espesyal eta a.

- Chwazi kandida pati yo pou eleksyon espesyal eta a.
- Vote lidè Konte yo pou pati politik yo.
- Apwouve bidjè pati Konte a ak lòt politik entèn yo.

## Lidè Distri


Lidè distri yo ede dirije pati politik yo nan chak konte. Yo eli Lidè Distri yo pou 2 lane.

- Travay ak Konsèy Elektoral vil la pou nonmen mandatè pou biwo vòt yo.
- Nonmen kandida pou jij nan Tribinal Sivil ak Kou Siprèm.
- Vote pou lidèchip ak règ pati yo a.

## Kat Konsèy Minisipal Nouyòk la

- NYC gen 51 distri Konsèy Minisipal
- ~170,000 elektè abite nan chak distri
- Konsèy Minisipal la apwouve bidjè ~\$100 milya NYC a

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](https://findmypollsite.vote.nyc).



## Yon Jounen nan Lavi yon Manm Konsèy Minisipal la

### Kisa manm Konsèy Minisipal la fè pou ou?

- Elabore epi vote pwojè lwa yo ki konsène kesyon tankou lojman, swen sante, edikasyon, sekirite piblik ak lòt ankò. Manm konsèy la kapab patisipe nan komite tou pou travay sou kesyon konsènan vyeyisman rive nan sèvis pou jèn yo.
- Travay ak Majistra vil la pou kreye epi apwouve bidjè ~\$100 milya dola vil la. Chak manm konsèy la ap jere yon bidjè ~\$5 milyon dola tou pou konstwi lekòl epi pou fè amelyorasyon nan distri yo, ansanm ak yon bidjè adisyonèl ~\$500,000 pou sipòte òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo.
- Siveye ajans minisipal ki ap bay Nouyòkè yo sèvis yo, tankou Depatman Polis Vil Nouyòk la ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la.
- Detèmine jan pou yo itilize batiman ak teren yo toupatou nan vil la, epi siveye zonaj pou pwopriyetè yo pandan l ap prezève repè yo epi jere tè ak enstalasyon piblik yo.
- Ede Konstitiyan tankou w. Manm konsèy la ak fonksyon yo genyen yo kapab ede w ak kesyon tankou preparasyon taks, lojman abòdab, plante pyebwa, twotwa ki sal, twou nan lari, sekirite pyeton ak lòt ankò. Kontakte manm konsèy ou a si ou bezwen èd!

# Distri 8 Konsèy Minisipal

## Demokrat

- Diana I Ayala ✓
- Antoinette Glover\*



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 37](#).

Pou wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

\*Kandida pa t soumèt yon pwofil konplè alè pou l te enkli nan Gid Elektè sa a ki enprime.



## Diana I Ayala ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Defann ak devlope Lojman abòdab
2. Sante mantal ak Jistis penal
3. Devlopman mendèv

*"Kominote South Bronx ak East Harlem ap lite epi yo bezwen yon lidèchip manch long ki pou mete yo nan premye plan. Antanke reprezantan aktyèl la, mwen te goumen anpil pou m bay distri a resous ki nesesè yo, epi mwen pa ka tann pou m kontinye fè sa pandan 2 lane k ap vini yo"*

**Pwofesyon pou kounye a:** Kandida aplentan

**Pwofesyon anvan yo:** Chèf pèsònèl adjwen Manm Konsèy Minisipal Melissa Mark-Viverito, Direktè Sant pou moun ki aje Carver Houses, Asistan Sosyal nan Corsi Houses

**Edikasyon:** A. D. Sèvis Imèn

**Afilyasyon òganizasyonèl:** NON APLIKAB

**Eksperyans piblik pase:** NON APLIKAB

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](https://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](https://findmypollsite.vote.nyc).

**Diana I Ayala** ✓

Demokrat

**Antoinette Glover\***

Demokrat

## Kriminalite

Kriminalite se sentòm plizyè lane neglijans. Pou nou ka atake kriminalite, nou bezwen elimine rasin ki koz li a. Nou bezwen finanse bon jan devlopman mendèv ak kreye pasaj pou klas mwayèn nan.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

## Enflasyon

Ogmantasyon to enflasyon an vle di depanse plis pou manje, lojman, gaz ak plis ankò. Fanmi yo gen ensekirite alimantè e yo pa kapab kole de pwent yo. Nou gen responsablite pou fasilite moun yo jwenn aksè fasilman ak sèvis pwoteksyon sosyal yi ki ede yo jwenn manje ak lojman.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

## Pwoteksyon Demokrasi

Si nou vle vrèman pwoteje demokrasi nou an, nou bezwen atire epi kenbe konfyans kominote elektè nou yo. Vwa ak pwoblèm Nouyòkè chak jou yo dwe an premye ak nan mitan epi kominote a dwe trase wout la.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

# **Pa gen Eleksyon Primè nan Distri 11 Konsèy Minisipal la**

**Yo òganize Eleksyon Primè yo sèlman lè gen plis pase yon moun ki kandida pou eseye jwenn nominasyon Pati yo a. Men, ap gen yon Eleksyon Jeneral pou distri Konsèy Minisipal sa a nan mwa novanm.**

## **resevwa alèt sou eleksyon yo**



Enskri pou w resevwa alèt pou eleksyon yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.

Eskane la oswa vizite  
[nycvotes.org/  
stay-informed](https://nycvotes.org/stay-informed)

# Distri 12 Konsèy Minisipal la

## Demokrat

- Aisha Hernandez Ahmed ✓
- Andy L King
- Kevin Riley ✓



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis sou [paj 37](#).

Pou wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).



## Aisha Hernandez Ahmed ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Èd pou frè lekòl pwofesyonèl ak edikatif
2. Ogmante Inisyativ Sekirite Piblik yo
3. Ogmante salè pou premye entèvenan/Edikatè yo

*"Mwen fè patenarya ak òganizasyon yo pou bay paran yo èd ak resous pou travay, fòmasyon pwofesyonèl, ak atelye, lojman, sèvis jiridik pandan pitit yo lekòl. Fè patenarya ak NYCHA pou finansman inisyativ jounen fanmi an."*

**Pwofesyon pou Kounye a:** Asistan Pèsonèl

**Pwofesyon anvan yo:** Chèf Pèsonèl Konsèy minisipal Vil New York

**Edikasyon:** Diplòm Famasyen

**Afilyasyon òganizasyonèl:** African American Club Coop City  
Spanish American Club National Council of Negro Women Coalition  
to Save Affordable Housing Director Riverbay Fund, NYS Chaplain  
Task Force, Advisory Board Federal Bureau of Prisons

**Eksperyans piblik pase:** Pale an Piblik, Antouzyas, Fòmasyon  
Kontini nan biznis

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Andy L King

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Devlopman jenès
2. Sekirite
3. Sèvis pou Granmoun Aje yo

*"Mwen rele Andy King, kòm ansyen manm Konsèy la, m pral nan eleksyon pou reprezante katye ki te edike m epi leve m nan. Antanke yon kwayan ki kwè nan pi wo nivo a nan Kris. Mwen chaje enèji chak jou pou m ede frè ak sè m yo simonte nenpòt pwoblèm pèsònèl oswa kominotè n ap afwonte. Kòm pitit gason, papa, granpè, epi frè, m konprann byen enpòtans valè familyal ki fò yo genyen."*

**Pwofesyon pou Kounye a:** DEVLOPÈ JENÈS

**Pwofesyon anvan yo:** Organizatè, 1199-SEIU United Healthcare Workers East

**Edikasyon:** BA, William Patterson University

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Bronx YEP, NAACP, CLUW (SEIU), AFRAM, OHBM

**Eksperyans piblik pase:** Manm Konsèy minisipal NYC

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Kevin Riley ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Refòm Taks sou Pwopriyetè
2. Swen gadri inivèsèl
3. Envesti nan enfrastrikti lekòl nou yo

*"Non mwen se Kevin Riley, mwen fèt epi mwen grandi Bronx nan 12 yèm Distri a. Mwen ak madanm mwen ap leve bèl pitit nou yo, 2 fi ak 1 gason, la a nan kè Distri nou an. Depi lè yo fin eli m an 2020 an mwen te fè patenarya ak vwazen mwen yo pou nou rasanble kominote nou an avèk resous ak sèvis esansyèl yo. Nou dwe kontinye goumen pou n kenbe lojman abòdab yo ak aksè pou tout moun ka vin pwopriyetè yon lojman."*

**Pwofesyon pou Kounye a:** Manm Konsèy Minisipal New York

**Pwofesyon anvan yo:** Direktè Relasyon kominotè Asanble NYS la

**Edikasyon:** Lisans nan Politik Ekonomi 2010; Mastè nan Administrasyon piblik 2017

**Afilyasyon òganizasyonèl:** The Dad Gang, Kappa Alpha Psi Fraternity Inc

**Eksperyans piblik pase:** Chèf Distri Maskilen pou 83 yèm Distri Asanble a

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](https://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](https://findmypollsite.vote.nyc).

**Aisha Hernandez**  
**Ahmed** ✓  
Demokrat

**Andy L King**  
Demokrat

|                             |                                                                                                                                                  |                                                                                                                                                                                                             |
|-----------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Kriminalite</b>          | Ogmante Inisyativ Sekirite Piblik ak Patwouy a Pye pou Siveyans Katye yo                                                                         | Nou dwe ale nan rasin rezon ki koz moun yo ap fè zak kriminèl yo. Kreye kondisyon k ap pèmèt Nouyòkè yo pran swen tèt yo ak fanmi yo. Fòs lòd yo ak kominote yo ap travay ansanm pou kenbe NYC an sekirite. |
| <b>Enflasyon</b>            | Pa gen okenn kontwòl sou gwo demann yo sa ki lakòz enflasyon, epi ogmantasyon salè ak benefis yo ap pote solisyon ak enkyetid sa a pou fanmi yo. | Pwobèm mwen gen ak enflasyon an se paske se moun ki kreyel. Kiyès ki fè benefis nan enflasyon? Peniri oswa aparans peniri nan chèn apwovizyonman, pa vle di nou dwe gonfle.                                 |
| <b>Pwoteksyon Demokrasi</b> | Mwen sipòte eleksyon lib epi jis kèlkeswa moun ki genyen an e yo rele sa demokrasi                                                               | Pou definisyon, demokrasi se yon sistèm gouvènman pou epi ak pèp la, ki eli pou reprezante l. Mwen pa kwè demokrasi se pwoblèm nan. Se konpòtman moun ak tout defo yo ki nui demokrasi a ak sosyete a.      |

# Konpare Kandida yo (ap kontinye)

**Kevin Riley** ✓

Demokrat

|                             |                                                                                                                                                                                                                                                                                         |
|-----------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Kriminalite</b>          | Pou goumen kont kriminalite ak koz prensipal li yo, nou dwe envesti nan sèvis sosyal ak nan enfrastrikti piblik yo pou n ka evite privasyon dwa pou vote. Nou dwe asire n nou ofri opòtinite ekonomik nou entansyonèlman an kontak dirèk ak moun nou konsidere ki a risk yo. Pou rezève |
| <b>Enflasyon</b>            | Depi lè pandemi an, manje, lojman, pri lavi a an jeneral ogmante klèman. Dwe gen yon politik pou asire antrepriz ki aji onètman, yo pran mezi kontabilite pou anpeche ogmantasyon pri yo epi yo esplike kominote a sou fason pou yo denonse sa yo. Li enpòtan tou                       |
| <b>Pwoteksyon Demokrasi</b> | Nou dwe verifye se sistèm jidisyè a ki pwoteje sistèm tribinal yo epi li sipòte efò gwoup ki majinalize a fè pou defann aksè ak libète fondamantal nou yo. Inisyativ ki la pou pèmèt moun ki pa gen dwa vote kounyea jwenn dwa sa a, tankou aksesibilite                                |

## planifye bilten vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo? Make chwa w yo epi ale ak yo nan biwo vòt ou a!

Eskane la oswa vizite [haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)



# Distri 13 Konsèy Minisipal la

## Demokrat

- Irene Estrada ✓
- Bernadette Ferrara ✓
- John Perez\* ✓
- Marjorie Velazquez ✓

## Republiken, Konsèvatè

- George F Havranek ✓
- Kristy Marmorato ✓
- Grace Marrero ✓
- Phyllis Tiz Nastasio ✓
- Hasime Samantha Zherka ✓



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 37](#).

Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

\* Kandida a pa t soumèt yon pwofil konplè alè pou l te enkli nan Gid Elektè sa a ki enprime a.



## Irene Estrada ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite piblik ak eskolè
2. Itilizasyon tè yo
3. Edikasyon

"Irene Estrada, pitit fi yon veteran lagè Koreyen, aktivis epi rezidan Bronx pandan 42 lane avèk yon pasyon pou kominote ak politik. Travay ak fonksyonè ki eli yo, lidè relijiye yo, ak pwopriyetè biznis yo. Yon aktivis pou imigrasyon, ak ansyen premye fanm lidè distri ki desandan Meksiken. Prezante pou konsèy Minisipal la pou pwoteje enterè pèp la."

**Pwofesyon pou Kounye a:** Retrete

**Pwofesyon anvan yo:** Konsèy Edikasyon Nouyòk

**Edikasyon:** Dezan nan kolèj

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Konsèy Klèje 49 yèm PCt, Ansyen Lidè Distri 80 yèm, ansyen manm Komisyon Kominotè 11, Prezidan Mothers Against 1900.

**Eksperyans piblik pase:** Aktivis vil Nouyòk pandan 42 ane, refòm imigrasyon, Lojman, polis ak kominote a, Komisyon Kominotè 11, 49 yèm Konsèy Pct, Konsèy Klèje, Ansyen Lidè Distri 80 yèm, Kowalisyon Sekirite Vil Nouyòk ak defansè Sekirite Piblik.

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Bernadette Ferrara ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Opoze ak liberasyon sou kosyon, definansman lapolis
2. Sipòte Ti Antrepriz yo
3. Sipòte dwa paran yo nan edikasyon

*"Mwen se prezidan Komisyon Kominotè 11 Bronx lan, epi m se prezidan Van Nest Neighborhood Alliance. Antanke militan kominotè pasyone, mwen te travay nan sèvis pou elektè yo pou yon manm konsèy minisipal la pandan 14 an.*

*Pwogram bon sans mwen an ki baze sou kominote a konsantre li sou kriminalite, Opòtinite, ak Edikasyon. Depi m fin eli, m ap rejwenn gwoup reyinyon bon sans lan.*

*Mwen se yon diferan tip Demokrat, ki kwè yon fonksyonè eli ta dwe reprezante kominote a, men se pa yon patizan oswa yon ajanda ideyolojik.*

*Mwen pa gen okenn enterè espesyal, epi m ap travay di pou m rann la vi pi agreyab pou nou, kominote nou an ak vil nou an."*

**Pwofesyon pou Kounye a:** RETRETE

**Pwofesyon anvan yo:** Enfografi

**Edikasyon:** Fashion Institute of Technology (F.I.T.)

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Van Nest Neighborhood Alliance; Komisyon Kominotè 11; Morris Park BID

**Eksperyans piblik pase:** NON APLIKAB

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Marjorie Velazquez ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Zòn ki gen sekirite
2. Kreye travay sendikal
3. Edikasyon piblik

*"Mwen konsakre plis tan nan travay ak sèvi elektè yo antanke manm CM, paske mwen konnen mwen ka sèvi kominote m lan lè m ap fè sa ki pi enpòtan an. Se lespri sa mwen vin pote nan Meri a: Kijan mwen ka jwenn rezilta pou abitan East Bronx kapab wè epi santi yo nan lavi yo chak jou? Nou te fè anpli nan premye manda nou an, men rete anpil toujou ki pou fèt. Mwen swete reyeli pou timoun k ap grandi nan distri 13 la kapab gen yon avni ki sèten, pou travayè yo kapab konte sou travay sendika yo epi pou granmoun yo ka pran retrèt yo nan diyite pandan y ap benefisye envestisman ki reflekte sa yo te fè nan Bronx lan."*

**Pwofesyon pou Kounye a:** Manm Konsèy

**Pwofesyon anvan yo:** Kontab

**Edikasyon:** Lisans nan Kontabilite ak Finans, NYU

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Chippewa Democratic Club, Liberty Democratic Association

**Eksperyans piblik pase:** Lidè Distri Demokratik, CB 10

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](https://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](https://findmypollsite.vote.nyc).

**Irene Estrada** ✓

Demokrat

**Bernadette Ferrara** ✓

Demokrat

## Kriminalite

Kontinye sipòte lapolis ak lapolis kominotè.

Mwen pa dakò pou ranplase Rikers Island pou mete prizon nan katye rezidansyèl kat (4) Awondisman. Mwen sipòte dwa pwopriyetè yo pou verifye antesedan kriminel lokatè yo, e m apiye pousuit pou krim k ap detui kalite lavi nan yon kominote.

## Enflasyon

Mwen kont efè negatif ke li genyen sou moun ki gen yon revni fiks yo tankou granmoun, veteran, ak fanmi monoparantal yo.

Lè fonksyonè ki eli yo dwe prete lajan pou kouvri fwod, gaspiyaj ak abi nan depans gouvènman yo, valè dola a bese epi sa mande plis lajan pou achte manje, medikaman, ponmpez, ak manje pou bèt kay. Pou kontwole enflasyon an, fonksyonè ki eli yo depanse lajan taks yo avèk plis prekosyon.

## Pwoteksyon Demokrasi

Yo inyore enterè pèp la ak kominote yo kidonk mwen ap pwoteje demokrasi an lè mwen poze kandidati m pou Konsèy minisipal la. Mwen pral kontinye responsabilize kominote a sou dwa li yo.

Benjamin Franklin said, "demokrasi se de (2) lou ak yon timouton k ap vote sou kisa y ap manje pou dejene". Amerik la se yon repiblik, kidonk dwa timouton pwoteje. Vòt nou yo konte. Vote kandida nan konsèy minisipal la k ap pwoteje dwa nou epi k ap reprezante swè ak valè nou.

# Konpare Kandida yo (ap kontinye)

**John Perez\*** ✓

Demokrat

**Marjorie Velazquez** ✓

Demokrat

|                      |                                                   |                                                                                                                                                                                                                                                                                  |
|----------------------|---------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Kriminalite          | Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a. | Mwen panse chak abitan nan vil nou an merite pou yo viv epi travay nan yon zòn ki gen sekirite. Se sa k fè mwen te kontribiye nan finansman ak fòmasyon fòs lokal yo epi mwen te sipòte lejislasyon ki la pou retire zam ki pa legal yo ki nan zòn nou yo.                       |
| Enflasyon            | Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a. | Lè fanmi yo ap goumen pou achte produit premye nesesite yo, se devwa nou antanke fonksyonè ki eli pou nou aji. Se sa k fè mwen sipòte konpayi ki kenbe ogmantasyon pri, ogmante salè minimòm nan epi mwen pral kontinye kreye travay sendika ki byen peye ki pwoteje travayè yo. |
| Pwoteksyon Demokrasi | Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a. | Nan tout peyi a, atak kont demokrasi fèt pi souvan. Nouyòk te montre li fò fas ak atak sa yo, men mwen vle nou dirije peyi a pandan n ap fasilite yon maksimòm vòt legal nan Vil Nouyòk.                                                                                         |



## George F Havranek ✓

Repiblikan, Konsèvatè

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite piblik
2. Deziyasyon zòn ak Lojman abòdab yo
3. Limite enfasyon pou Fanmi/Biznis

*"George 'Hav' ki fèt epi grandi nan Bronx ap goumen pou katye sa a depi plizyè dizèn ane. Li te goumen kont ajans minisipal yo ak fonksyonè ki eli yo: sitou, li te dirije akizasyon kont zòn devlopman Bruckner a, redese MTA yo ki te defavorab pou granmoun yo epi elimine fon yo te bay lapolis la. George Hav renmen kominote li a epi li pare pou l goumen pou l fè l rete rezidans nou merite a. Antanke manm Konsèy la, li ap asire li ke nou kite pou pwochen jenerasyon an yon pi bon kominote ki pwospère."*

**Pwofesyon pou Kounye a:** Prezidan Spencer Estate Civic Association

**Pwofesyon anvan yo:** Verizon, Analis endepandan

**Edikasyon:** Devlopman imen AOS

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Spencer Estate Civic Association, manm afilye American Psychological Association

**Eksperyans piblik pase:** Prezidan Spencer Estate Civic Association, Manm komisyon Kominotè 10 lan

**Enskri nan Pati:** Repiblikan



## Kristy Marmorato ✓

Repiblikan, Konsèvatè

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Konbat krim kenbe lari a an sekirite
2. Opoze ak devlopman eksèsif
3. Pwoteje ak sipòte ti antrepriz yo

*"Kristy te fèt, te grandi, epi edike isit la nan Bronx. Mwen se yon madanm, yon manman ak yon travayè swen sante ki te sèvi distri sa a pandan 16 an. Mwen ap pwoteje kalite lavi nou an"*

**Pwofesyon pou Kounye a:** Teknisyen nan radyoloji

**Pwofesyon anvan yo:** okenn

**Edikasyon:** Diplòm Asosye

**Afilyasyon òganizasyonèl:** American Society of Radiologic Technologist

**Eksperyans piblik pase:** Tout yon vi nan sèvi piblik la nan yon anviwònman swen sante

**Enskri nan Pati:** Repiblikan



## Grace Marrero ✓

Repiblikan, Konsèvatè

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Ti antrepriz
2. NYPD, Sekirite Piblik
3. Granmoun Aje, Andikape

*"Mwen te yon lidè pou kominote a epi yon defansè pou li pandan 20 ane. Mwen se yon kandida pou mas la ki ap kontinye defann epi goumen pou kominote mwen an ak pou lòt yo. Mwen kwè nan transparans nan tout nivo e mwen pral goumen pou asire ke tout konstitiyan yo ap kapab patisipe nan pwosesis lejislatif la ak pwòp vwa pa yo."*

**Pwofesyon pou kounye a:** Retrete

**Pwofesyon anvan yo:** Rezo mondyal

**Edikasyon:** Lisans nan Syans

**Afilyasyon Òganizasyonèl:** Sekretè Achivis Konsèy kominotè 49 yèm Sikonskripsyon an, DYCD CAB, CPAC HS Committee, Doctors for a Healthier Bronx, ABBA, AIM, PPNA, MPCA, VNNA

**Eksperyans piblik pase:** Defansè Kominote

**Enskri nan Pati:** Repiblikan



## Phyllis Tiz Nastasio ✓

Repiblikan, Konsèvatè

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Refòm nan Liberasyon sou Kosyon an
2. Chwa Lekòl
3. Rezònman

*"Mwen kandida pou Konsèy minisipal la paske mwen kwè mwen gen kapasite pou m fè pati solisyon an nan kominote mwen an. Kominote a bezwen gen konfyans ke fonksyonè ki eli yo ap travay di pou satisfè bezwen yo. Mwen te fèt epi grandi nan Bronx epi mwen kontinye viv, travay, epi leve pwòp fanmi mwen isit la. Mwen te yon pwofesè nan kominote a pandan plis pase ven ane epi mwen gen yon konesans pwofon sou sa ki nesesè pou amelyore sistèm edikasyon nou an. Mwen konsantre sou sekirite kominote mwen an e mwen te fè aksyon lè mwen rantre nan plizyè òganizasyon ki konsantre sou fason pou kenbe kominote mwen an, an sekirite. Antanke Manm Konsèy la, mwen ap fyè dèske m ap travay nan lide pou gen yon pi bon kominote."*

**Pwofesyon pou Kounye a:** Pwofesè

**Pwofesyon anvan yo:** Pwofesè

**Edikasyon:** Fordham University, Lehman College

**Afilyasyon òganizasyonèl:** CB11, Konsèy Sikonskripsyon 49

**Eksperyans piblik pase:** Lidè Distri 80AD

**Enskri nan Pati:** Repiblikan



## Hasime Samantha Zherka ✓

Repiblikan, Konsèvatè

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Fè Nouyòk gen Sekirite Ankò
2. Remete lekòl profesyonèl
3. Ranbouse dèt/diminye enpo

"Samantha Zherka te fèt epi grandi nan Bronx, Nouyòk. Li se yon defansè piblik epi li se yon espè piblik ki ap goumen pou dwa fanmi ki viktim anba katastwòf natirèl yo. Samantha se pitit yon migran albanè ki renmen travay ki rive an amerik avèk sèl zam yo ki se detèminasyon pou yo reyisi epi yon gwo etik nan travay. Li gradye Magna Cum Laude epi li gen yon diplòm nan etid jiridik nan Mercy College epi li te kontinye etid li nan Touro Law School. Samantha fèk sòti nan kanpay Sena eta a kote li gen prèske mwatye vòt yo. Prensipal priyorite l se fè Nouyòk gen sekirite ankò, remete lekòl pwofesyonèl yo nan sistèm lekòl piblik yo epi diminye dèt vil la."

**Pwofesyon pou Kounye a:** Ajistè Piblik pou Asirans

**Pwofesyon anvan yo:** Ajisteman Transpòtè Asirans

**Edikasyon:** Lisans nan Syans

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Non Aplikab

**Eksperyans piblik pase:** Defansè Asirans piblik

**Enskri nan Pati:** Repiblikan

# konpare kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.

Eskane la oswa vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](https://haitiancreole.nycvotes.org/compare)

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](https://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](https://findmypollsite.vote.nyc).

**George F  
Havranek** ✓  
Repibliken, Konsèvatè

**Kristy  
Marmorato** ✓  
Repibliken, Konsèvatè

|                             |                                                   |                                                                                                                                                                                                                                                                                                |
|-----------------------------|---------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Kriminalite</b>          | Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a. | Menmsi nou abite nan yon gwo vil, 13 yèm distri a toujou gen bezwen tankou ti vil yo. Kriminalite a chape anba tout kontwòl e nou bezwen kenbe lari nou yo an sekirite. M ap toujou sipòte ble yo epi asire nou ke fonksyonè lapolis nou yo gen resous ak fòmasyon pou asire sekirite nou.     |
| <b>Enflasyon</b>            | Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a. | Pandan ke lidè nou yo nan Albany ak Washington fè enflasyon an vin pi mal ak politik patizan yo, Meri a DWE rann li pi fasil pou leve yon fanmi isit la. Meri a dwe aprann fè plis ak mwens tankou rès moun yo. Nou ka rasyonnalize sèvis yo, redwi depans yo epi kenbe lidè nou yo responsab. |
| <b>Pwoteksyon Demokrasi</b> | Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a. | Pwoteksyon Demokrasi a kòmanse ak pwoteksyon Pèp la. Pa janm gen tout dekoneksyon sa ant pèp la ak lidè eli nou yo, epi se Nou menm Pèp la ki ap souffri akòz de sa. Lè mwen antre nan konsèy minisipal la antanke fanm, Nou menm Moun ki nan 13yèm distri a ap TOUJOU vini an premye.         |

## Grace Marrero ✓

Repiblikan, Konsèvatè

## Phyllis Tiz Nastasio ✓

Repiblikan, Konsèvatè

## Hasime Samantha Zherka ✓

Repiblikan, Konsèvatè

Depi lè ansyen ak aktyèl eli yo fin fè refòm nan liberasyon sou kosyon an, kriminalite a monte epi li ogmante pou pipilis pase 600% +. Mwen gen entansyon pou m fè yon fason pou yo refinance NYPD ankò lè yo reba yo plizyè milya dola yo te pran nan men yo. Mwen pral defann tou pou retabli fonksyon yo te retire nan men yo.

Fonksyonè ki eli yo dwe fè refòm nan liberasyon sou kosyon an vin yon priyorite pou fè otè zak kriminel yo konnen ke ap gen konsekans pou aksyon kriminel yo a. Anplis chanjman sistematik, ajoute sant kominotè ak lekòl teknik nan kominote a ap kontribye pou amelyore responsablite sosyal la.

Kriminalite a wo epi "dirijan" politik nou yo kanpe anfas NYPD, kote yo pa bay yo yon milya dola. Pandan tan sa, Konsèy minisipal la ap bati refij pou sanzabri yo, kay tranzisyon ak prizon ki pa twò lwen lekòl. Ou pa dwe retire finansman lapolis!

Enflasyon se yon pwoblèm ke ansyen eli ak eli aktyèl nou yo kreye, dapre eksperyans mwen. Answit yo pwopoze "solisyon" pou sove sitiyasyon an. Mwen kwè enflasyon revèsib epi yo ka kontwòl lè yo mete kèk dispozitif sekirite an plas. Transparans se kle a.

Enflasyon an potko janm rive nan wotè sa e li gen yon efè negatif sou tout kominote yo. Ogmantasyon enpòtan nan pri yo te touche prèske tout aspè nan lavi nou. Si tandans ogmantasyon an kontinye, salè ak sekirite sosyal yo dwe swiv menm rit lan tou.

Eta Nouyòk nan yon kriz ekonomik; n ap pèdi popilasyon ak lajan nou yo. Reprèzantasyon ak lejislasyon aktyèl nou yo pa bannou lòt chwa pase ogmante enpo ak taks yo. Sa se youn nan plizyè rezon ki esplike baz taks yo deplase.

N ap viv nan yon Repiblik Konstitisyonèl epi Konstitisyon an se lwa peyi a. Gouvènman nou an te enfiltre pa lènmi etranje ak nasyonal. Se ènmi nasyonal yo pou n elimine si nou vle kenbe Repiblik nou an epi prezève Demokrasì nou an.

Pi bon fason pou pwoteje demokrasì a epi garanti eleksyon ki jis se adopte lwa sou idantifikasyon elektè yo. Enstitisyon yo dwe pwoteje lè yo defann prensip kote pèsonn pa pi wo pase lalwa. Pandan ke dezenfòmasyon pa ta dwe simaye, li enpòtan pou pwoteje libète lapawòl ak libète relijyon.

Pwoteje libète noun fèt avè l la. Se pou nou fè fonksyonè ki eli yo ak lòt dirijan kenbe mo yo pou yo respekte lalwa ak volonte pèp la. Tèks konstitisyon an deklare "Nou Pèp la". Volonte pèp la dwe toujou an priyorite.

# Distri 14 Konsèy Minisipal

## Demokrat

- Rachel Bradshaw ✓
- Pierina Ana Sanchez ✓



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis sou [paj 37](#).

Pou wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).



## Rachel Bradshaw ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Opoze ak liberasyon sou kosyon, definansman lapolis
2. Sipòte POC yo pou yo gen aksè pou yo vin pwopriyetè
3. Sipòte dwa paran yo nan edikasyon.

*"Mwen se Manm Komite Eta Demokrat 78 AD, Prezidan Northwest Bronx Democrats for Change, ak Prezidan Community Engagement of the Fordham Hill Owners Corporation Board.*

*Pwogram bon sans mwen an ki baze sou kominote a konsantre li sou kriminalite, Opòtinite, ak Edikasyon.*

*Lè mwen eli, mwen planifye pou m rantr nan bipatizan Reyinyon pati politik (Caucus) Sans Komen an. Mwen se yon tip Demokrat ki Diferan, ki kwè ke kèk radikal ki pale anpil epi agresif nan gouvènman minisipal la detounen Pati Demokrat la epi vòlè vwa nou yo.*

*Mwen pa gen okenn enterè espesyal, epi m ap travay di pou m rann la vi pi agreyab pou nou, kominote nou an ak vil nou an."*

**Pwofesyon pou Kounye a:** Chèf Pwojè

**Pwofesyon anvan yo:** Chèf Pwojè

**Edikasyon:** Diplòm Metriz

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Northwest Bronx Democrats for Change, Bronx NAACP

**Eksperyans piblik pase:** Manm Komite Eta Demokratik 78 AD

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Pierina Ana Sanchez ✓

Demokrat

*"Mwen se Manm Konsèy Pèp Bronx nou an, mwen fèt epi grandi nan Nòdwès Bronx nan yon fanmi imigran Dominiken ki rezilyan. Mwen te dedye lavi mwen pou sèvi kominote nou an.*

*Mwen kandida pou re-eleksyon pou kontinye defann enterè kominote nou an, batay pou lojman abòdab ak aksè pou vin pwopriyete kay, travay ki gen ladan redevlopman Kingsbridge Armory, ak opòtinite pou jèn nan tout lekòl ak sant kominote nou yo."*

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Lojman abòdab ak Pwopriyete kay
2. Opòtinite ekonomik, Kingsbridge Armory
3. Edikasyon ak Jistis pou Minè

**Pwofesyon pou Kounye a:** Manm Konsèy la

**Pwofesyon anvan yo:** Ibanis, fonksyonè sivil

**Edikasyon:** Harvard University (Lisans), Princeton University (Metriz an Administrasyon Piblik)

**Afilyasyon Òganizasyonèl:** Mwen te aktif nan travay kominote lokal, ki gen ladan konsèy, sèvis konsèy, elatriye.

**Eksperyans piblik pase:** Manm Yo nonmen Komisyon Kominote Bronx 5. Mwen te sèvi tou nan meri a, Mezon blanch Obama, ak Biwo Konsèy Minisipal Distri 14.

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# gade videyo kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vòt ou a, epi apresya gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.

Eskane la oswa vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates)

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](https://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](https://findmypollsite.vote.nyc).

**Rachel Bradshaw** ✓

Demokrat

**Pierina Ana Sanchez** ✓

Demokrat

|                             |                                                                                                                                                                                                                                                                                                |                                                                                                                                                                                                                                                                                                      |
|-----------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Kriminalite</b>          | Mwen pa dakò pou ranplase Rikers Island pou mete prizon nan katye rezidansyèl kat (4) Awondisman. Mwen sipòte dwa pwopriyetè yo pou verifye antesedan kriminel lokatè yo, e m apiye pousuit pou krim k ap detui kalite lavi nan yon kominote.                                                  | Povrete mennen nan kriminalite. Inegalite mennen nan kriminalite. Mank opòtinite mennen nan kriminalite. Vyolans se pa yon pwoblèm lapolis pou kont li ka rezoud. Mwen pran angajman pou sipòte efò pou entèwonp vyolans epi retire zam nan lari nou yo kounye a, epi envesti nan opòtinite alontèm. |
| <b>Enflasyon</b>            | Lè fonksyonè ki eli yo dwe prete lajan pou kouvri fwod, gaspiyaj ak abi nan depans gouvènman yo, valè dola a bese epi sa mande plis lajan pou achte manje, medikaman, ponmpez, ak manje pou bèt kay. Pou kontwòle enflasyon an, fonksyonè ki eli yo depanse lajan taks yo avèk plis prekosyon. | Enflasyon frape pi di fanmi ki an difikilte ki ap travay yo. Nou dwe goumen pou ogmante salè pou fanmi yo ka mete manje sou tab yo epi gen yon kay pou rete. Se poutèt sa m ap goumen pou pwojè transfòmasyon k ap kreye travay tankou redevlopman Kingsbridge Armory.                               |
| <b>Pwoteksyon Demokrasi</b> | Benjamin Franklin te di, "demokrasi se de lou ak yon timouton k ap vote sou kisa y ap manje". Amerik la se yon repiblik, kidonk dwa ti mouton an pwoteje. Vòt nou yo konte. Chwazi kandida Konsèy Minisipal la ki pral pwoteje dwa w epi reprezante volonte w ak valè w                        | Yon demokrasi ki ouvè epi ki ekitab se fondasyon sosyete nou an. Nou dwe asire ke chak Nouyòkè ka patisipe nan demokrasi nou an, epi lite kont nenpòt efò pou etoufe dwa pou vote vwazen nou yo genyen.                                                                                              |

# **Pa gen Eleksyon Primè nan Distri 15 ak 16 Konsèy Minisipal la**

**Yo òganize Eleksyon Primè yo sèlman lè gen plis pase yon moun  
ki kandida pou eseye jwenn nominasyon Pati yo a. Men, ap  
gen yon eleksyon jeneral pou distri konsèy minisipal sa yo nan  
mwa novanm.**

## **resevwa alèt sou eleksyon yo**



Enskri pou w resevwa alèt  
pou eleksyon yo pa mesaj tèks  
oswa pa imèl! Rete enfòme  
konsènan dat limit enpòtan  
yo ak kilè pou w vote.

Eskane la oswa vizite  
[nycvotes.org/  
stay-informed](https://nycvotes.org/stay-informed)

# Distri 17 Konsèy Minisipal la

## Demokrat

- Gonzalo Duran ✓
- Rafael Salamanca Jr



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis sou [paj 37](#).

Pou wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).



## Gonzalo Duran ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Aksesiblite pou Fonksyonè yo ki Eli
2. Jèn: travay, rekreyasyon ak resous yo
3. Aksesibilite resous kominotè yo

*"Mwen Fèt epi grandi nan Bronx. Mwen se yon ansyen Sèjan Marin Ameriken, veteran Irak, epi kounye a, PDG nan yon sant ki pa pou fè pwofi pou ede kominote a nan divès aspè yo.*

*Nou bezwen nouvo san nan Konsèy minisipal la e nou bezwen kòmanse repare kominote nou yo kounye a, pa pita. Kanpay mwen an finanse pa kominote a epi li gen ladan l sèlman volontè.*

*Mwen planifye fè biwo fonksyon m nan tounen yon sant pou resous, rann tèt mwen pi aksesib a kominote a, epi konbat anpil nan pwoblèm kominote a ap fè fas ak yo dirèkteman.*

*Priyorite prensipal mwen yo se minimize transfòmasyon anbou yo nan diminye kriminalite, epi ogmante resous yo pou travay, edikasyon, lojman, ak jèn yo. Ansanm ak bezwen konstitiyan mwen yo."*

**Pwofesyon pou Kounye a:** PDG Devil Dog USA Inc

**Pwofesyon anvan yo:** Sèjan Marin Ameriken

**Edikasyon:** Syans Sante Fordham University

**Afilyasyon òganizasyonèl:** NON APLIKAB

**Eksperyans piblik pase:** Defansè Kominote

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Rafael Salamanca Jr

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Lojman Abòdab
2. Sekirite piblik
3. Aksè ak Bon Kalite Travay/  
Edikasyon

*"Depi mwen te fin eli an 2016, mwen te goumen anpil pou ogmante kantite lojman ki vrèman abòdab yo pou abitan Bronx yo, epi mwen fyè pou m di mwen te apwouve 8,000 nouvo inite lojman abòdab atravè nouvo konstriksyon ak prezèvasyon."*

**Pwofesyon pou Kounye a:** Manm Konsèy minisipal la 17 yèm Distri (Bronx)

**Pwofesyon anvan yo:** Direktè Distri, Komisyon Kominotè Bronx 2; Administratè Rezo Swen Sante Kominotè

**Edikasyon:** Monroe College, Diplòm asosye

**Afilyasyon òganizasyonèl:** NON APLIKAB

**Eksperyans piblik pase:** Direktè Distri, Komisyon kominotè Bronx 2; Prezidan, Konsèy Kominotè 41 yèm Sikonskripsyon an

**Enskri nan Pati:** NON APLIKAB

# suiv NYC Votes

Ou kapab suiv NYC Votes pou w jwenn tout dènye mizajou sou eleksyon yo!

@nycvotes



# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](https://haitiancreole.nycvotes.org/compare).  
Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](https://findmypollsite.vote.nyc).

|                      | <div>Gonzalo Duran</div> <div>Demokrat</div>                                                                                                                                                                                                                       | <div>Rafael Salamanca Jr</div> <div>Demokrat</div>                                                                                                                                                                                                                                                          |
|----------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Kriminalite          | Yon gwo pati nan krim ki rive nan anpil distri yo se rezilta jèn adilt yo ki pa gen anyen pou yo fè. Objektif mwen se ba yo yon bagay pou yo fè tankou ogmante travay, aksè a resous, ak aktivite lwazi.                                                           | Sekirite piblik se yon dwa fondamantal ke tout Nouyòkè ta dwe genyen epi li nan premye plan nan kesyon ke konstitiyan mwen yo poze mwen chak jou. M ap koute konstitiyan mwen yo, m ap bay resous pou anpeche pwopagasyon vyolans ak zam ilegal ki afekte kominote nou an.                                  |
| Enflasyon            | Nou konnen enflasyon an ap rive. Objektif nou ta dwe etabli yon relasyon ak li. An menm tan nou bezwen asire n pou n kanpe sou depans frivòl yo epi edike rezidan nou yo ki jan pou yo estabilize sa nan limit sa posib.                                           | Enflasyon se yon pwoblèm nou santi nan tout aspè nan lavi nou, kit se nan achte pwovizyon nan makèt la oswa nan ranpli tank gaz nou yo. Etandone nou reprezante yon kominote k ap viv ak yon revni fiks ki limite, li enperatif pou nou kenbe pri yo nan yon nivo ki ba pou asire n ke pèsonn pa rete dèyè. |
| Pwoteksyon Demokrasi | Pi gwo pwoblèm ak demokrasi nan kominote nou an se mank transparans ak vizibilite nan men fonksyonè ki eli nou yo. Mwen planifye pou m fè biwo Fonksyon mwen an tounen yon dezyèm kay pou konstitiyan mwen yo. An menm tan, edike yo epi ba yo resous ki disponib. | Gwo divizyon politik nan nasyon nou an se yon gwo menas pou prensip yo peyi nou an te fonde sou yo a. Pandan ke gouvènman an pèmèt diferans nan opinyon, li enpòtan ke nou rete poli epi respektye pou nou prezève enstitisyon demokrasi a.                                                                 |

# Pa gen Eleksyon Primè nan Distri 18 Konsèy Minisipal la

Yo òganize Eleksyon Primè yo sèlman lè gen plis pase yon moun ki kandida pou eseye jwenn nominasyon Pati yo a. Men, ap gen yon Eleksyon Jeneral pou distri Konsèy Minisipal sa a nan mwa novanm.

## prepare bilten vòt ou a



Ou fin chwazi kandida w yo? Make chwa w yo epi ale ak yo nan biwo vòt ou a!

Eskane la oswa vizite [haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

# pratike vòt avèk klasman chwa

Eseye klase chwa w yo sou bilten vòt pou fè pratik anliy nou an! N ap fè w konnen si Bilten Vòt ou an byen ranpli oswa kijan pou w korije l si w fè yon erè.



Eskane la oswa vizite  
[haitiancreole.nycvotes.org/  
practice-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/practice-ballot)

# Konsènan NYC Votes

NYC Votes se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la, ajans minisipal endepandan ki ap veye pou eleksyon lokal yo ekitab, enklizif epi transparan.

Nou ankouraje patisipasyon elektè yo ak kandida yo pou Fonksyonè ki Eli nou yo ka reponn ak bezwen divès kominote nou yo, epi ak pwoblèm ki enterese elektè yo.

Nou fè sa lè nou bay Nouyòkè ki gen mwens tandans pou yo vote yo mwayen, lè nou redui obstak pou moun vin kandida pou yon fonksyon epi lè nou ofri solisyon pou amelyore sistèm eleksyon nou an. NYC Votes kolabore ak òganizasyon kominotè, volontè epi ak lòt ajans minisipal pou enskri, edike epi motive elektè yo toupatou nan vil la. Objektif nou se pèmèt tout Nouyòkè pi byen konprann pwosesis elektoral la gras ak yon dyalòg onèt sou fason eleksyon nou yo fonksyone ak poukisa yo enpòtan.

Kreye depi 1988, ajans la bay moun New York yo enfòmasyon sou kandida ki nan Bilten Vòt yo a epi kijan y ap finanse kanpay yo. Pwogram fon an kontrepati nou an pèmèt nou asosye chak \$1 yon donatè lokal bay jiska \$8, pou finansman vil la, pou ankouraje kandida vil yo konsantre yo sou kominote yo a olye pou yo konsantre yo sou enterè patikilye yo.

## Pwogram Fon an kontrepati (Matching Funds Program)

Kontribisyon ou bay pou kandida vil la ale pi lwen toujou lè w sipòte kandida ki patisipe nan pwogram fon an kontrepati vil la. Don rezidan vil yo bay pou kandida k ap patisipe yo ka matche a \$8-pou-\$1. Sa vle di lè ou bay \$10, kandida a resevwa \$90.

Pwogram sa a pèmèt nou asire nou se ti don ti grenn dola Nouyòkè yo ki finanse kanpay yo, se pa enterè patikilye. Sa vle di tou kandida ki pa rich men ki gen gwo sipò kominote a kapab gen mwayen pou yo poze kandidati yo, sa ki kreye yon gouvènman ki pi divèsifye ak pi reprezantatif. Nan eleksyon 2021 Vil New York la, plis pase 83% nan kandida lokal yo te deklare fon an kontrepati yo te esansyèl pou yo te ka poze kandidati yo.



Kontribiye nan  
[contribute.nycvotes.org](https://contribute.nycvotes.org)

# Kesyon yo Poze Souvan yo

## Jeneral

### Kisa yon Eleksyon Primè ye?

Se eleksyon an anvan eleksyon an. Pandan eleksyon primè yo, w ap deside ki kandida ki ap kandida pati ou a pou Eleksyon Jeneral la. Ou dwe se manm yon pati politik pou w vote nan yon primè.

### Èske mwen ka vote nan eleksyon primè 27 Jen an?

Ou ka vote si w enskri Nouyòk nan yon pati k ap òganize yon eleksyon. Dat limit pou enskri an se **17 Jen**.

### Kòman mwen ka verifye si mwen te enskri pou vote?

Vizite [voterlookup.elections.ny.gov](https://voterlookup.elections.ny.gov) oswa rele nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo.

### E si mwen te deplase anndan Vil Nouyòk la depi dènye fwa mwen te vote a?

Lè w demenaje, ou ta dwe chanje adrès ou nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) la lè w soumèt yon nouvo fòm enskripsyon elektè. Konsèy Elektoral (Board of Elections) la dwe resevwa chanjman adrès ou an anvan **12 Jen**. Rele nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo pou chèche konnen si yo te trete chanjman adrès ou an.

Si adrès ou poko aktyalize, ou kapab vote nan Biwo vòt kote yo make pou nouvo adrès ou lè ou mande yon Bilten vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an.

## Vòt pa Korespondans

### Ki rezon valab ki genyen pou mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan?

Ou ka mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan si w pa nan Vil Nouyòk nan Jou Eleksyon an, si w gen yon maladi oswa yon Andikap fizik, si w se yon founisè swen primè pou moun ki malad oswa ki andikape, si w se rezidan oswa pasyan nan yon Lopital nan Administrasyon Sante Veteran yo, oswa si w nan

prizon oubyen si w ap tann jijman. Ou ka make rezon ou an sou fòmilè demann Bilten Vòt moun ki absan ou an.

### Èske mwen toujou kalifye pou vote an pèsòn si mwen mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan?

Si w mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan, ou dwe planifye pou w vote avèk li. Ou ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan ou an nan nenpòt ki biwo vòt pandan biwo vòt yo ouvè. Sepandan, si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan, ou dwe vote ak yon Bilten Vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an. Bilten Vòt sa a ap parèt diferan. Mande yon moun k ap travay nan biwo Vòt la èd si ou bezwen sa.

### Èske mwen dwe mete tenb si m ap poste Bilten Vòt mwen an?

Ou pa bezwen ajoute yon tenb. Sepandan, pa bliye voye tounen nan kourye lapòs Bilten Vòt ou an kou sa posib. Li dwe gen So lapòs la anvan Jou Eleksyon an pou li ka valid.

### Èske mwen ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an nan Biwo vòt mwen an?

Wi! Ou ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan ou an nan nenpòt Biwo vòt nan vil Nouyòk oswa nan biwo Konsèy Elektoral la. Bwat pou Bilten Vòt yo ap disponib nan gichè resepsyon an. Ou pa bezwen ajoute yon tenb.

### Èske mwen ka swiv Bilten Vòt mwen an aprè mwen fin retounen li?

Wi! Vizite [nycabsentee.com/tracking](https://nycabsentee.com/tracking).

### E si gen yon pwoblèm ak Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an? Èske mwen ap gen posibilite pou m korije li?

Konsèy Elektoral la dwe enfòme w dapre lalwa si gen yon erè ki reparab sou anvlòp Bilten Vòt ou a tankou yon siyati ki pa la oswa ki pa kòrèk. Si gen yon erè nan Bilten Vòt ou an ki ka repare, y ap kontakte ou pa lapòs, imèl, telefòn (si li disponib) nan yon delè 1 jou apre yo fin dekouvri erè a. W ap gen jiska 7 jou ouvab pou w korije erè a lè w voye tounen yon afimasyon ou siyen.

### Èske ou gen plis kesyon?

Vizite [haitiancreole.nycvotes.org/faqs](https://haitiancreole.nycvotes.org/faqs)! Ou ka imèl nou tou nan [nycvotes@nyccfb.info](mailto:nycvotes@nyccfb.info), oswa voye yon mesaj ban nou sou Instagram, Twitter, Facebook oswa TikTok ([@nycvotes](https://www.instagram.com/nycvotes)).

## Vòt avèk Klasman Chwa yo

### Kijan Vòt avèk Klasman Chwa yo fonksyone?

Ou ka klase jiska senk Kandida nan lòd preferans, olye pou w chwazi youn sèlman. Si yon Kandida jwenn plis pase 50 % Vòt yo nan premye chwa yo, li genyen. Si pa gen okenn kandida ki genyen plis pase 50% nan vòt premye chwa yo, lè sa a yo pral nan lòt tou. Nan fen chak tou, Kandida a ki gen mwens vòt la ap elimine. Si w te klase Kandida sa a premye, vòt ou a ap ale pou pwochen Kandida ki pi wo a nan Bilten Vòt ou an. Pwosesis sa a ap kontinye jiskaske gen de Kandida ki rete. Kandida ki gen plis vòt la genyen.

### Èske mwen ka toujou vote pou yon sèl Kandida?

Wi. Ou ka toujou vote pou Kandida premye chwa w la sèlman. Sepandan klase lòt Kandida yo, p ap yon pwoblèm pou premye chwa w la. Si yo elimine sèl grenn chwa w la, vòt ou a p ap gen okenn enfluyans sou rezilta Eleksyon an.

### Èske mwen oblije klase 5 Kandida o total?

Non. Ou ka klase jiska senk Kandida, men ou pa bezwen klase tout senk yo o total.

### Èske mwen ka klase Kandida mwen pi pito a plis pase yon fwa?

Non. Si ou klase Kandida ou pi pito a plis pase yon fwa (pa egzanp kòm 1ye, 2yèm, 3yèm, 4yèm ak 5yèm chwa w), se sèl premye klasman ou an k ap konte. Pa gen okenn avantaj estratejik nan bay menm kandida a plizyè klasman.

### Èske mwen ka klase plizyè kandida kòm premye chwa m?

Non. Ou ka chwazi sèlman yon kandida pou chak klasman. Si ou chwazi plis pase yon sèl kandida kòm premye chwa w, bilten vòt ou an p ap valab.

### Si mwen klase senk kandida, èske se senk vòt ki pral konte?

Non. Se yon sèl vòt ki pral konte. Vòt ou a konte sèlman pou kandida ki klase pi wo w la ki pa elimine a. Si kandida ki klase pi wo w la ta elimine, vòt ou pral konte pou pwochen kandida ou te klase pi wo a.

### Kilè mwen ka atann rezilta yo nan kad Vòt avèk Klasman Chwa nan eleksyon yo?

Li posib pou yo pa bay rezilta final eleksyon ki gen Vòt avèk Klasman Chwa yo toutotan yo pa fin konte tout Bilten Vòt Moun ki Absan yo ak Bilten Vòt militè yo, sa ki ka pran plizyè semèn apre Jou Eleksyon an.

### Kòman pou mwen vote pou yon kandida elektè a ajoute sou Bilten vòt la ak Vòt avèk Klasman Chwa yo?

Pou w vote pou yon kandida non li pa sou bilten vòt la, ekri non l sou liy "Ajoute kandida" a, epi ranpli oval la pou w klase vòt pou kandida ou ajoute a.

### Èske machin pou vote a ap di m si mwen fè yon erè sou Bilten Vòt mwen an?

Si w vote an pèsòn, machin pou vote a ap fè w konnen si w bay plizyè kandida menm klasman an lè w ap eskane l. Si ou fè yon erè, ou ka mande yon mandatè nan biwo vòt la yon nouvo Bilten Vòt. Machin vòt la p ap fè w konnen si w sote klasman yo oswa si w klase menm kandida a plizyè fwa, paske vòt premye chwa ou a ap toujou konte nan ka sa yo.

## Mete enfòmasyon ou yo ajou ansanm ak Konsèy Elektoral la

Nou jwenn non ou ak adrès ou nan lis elektè ki enskri yo Konsèy Elektoral Vil New York la konsève nan biwo li.

Si ou te resevwa Gid Elektè sa a nan kourye lapòs men se pa non ou ki sou li, oubyen si destinatè a deplase oswa si li mouri, notifie Konsèy Elektoral la pou yo ka korije dosye yo.



## Konsènan Gid Elektè a

Daprè lalwa, NYC Votes dwe voye yon Gid Elektè bay chak fwaye ki genyen yon elektè ki enskri nan vil Nouyòk pou eleksyon minisipal yo. Nou voye yon gid an Anglè ak an espanyòl pou chak Elektè ki enskri, epi an Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Indi, Koreyen, Polonè, Punjabi, Ris ak Oudou bay Elektè ki nan zòn sible yo dapre done resansman yo.

Vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates) pou w aprann sou kandida yo ki sou bilten vòt ou an.

Gid Elektè pou Eleksyon Primè Vil New York pou 2023 a. Dwa dotè © 2023 se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la. Tout dwa rezève. Se Bellweather Agency ki fè konsepsyon an. Pwodui Ozetazini

## Kontakte Konsèy Elektoral la

Konsèy Elektoral la òganize eleksyon nou yo epi se li ki responsab pou kenbe baz done elektè ki enskri yo, siveye silten vòt yo, konte bilten vòt yo epi rapòte rezilta eleksyon yo. Ou ka mete enskripsyon w lan antanke elektè ajou, aplike pou yon bilten vòt moun ki absan, aplike pou w yon travayè nan sondaj biwo vòt oswa kòm entèprèt lang, ak lòt ankò nan Konsèy Elektoral Vil New York la.

### Orè fonksyonman nòmal yo

9: 00 a.m. pou 5: 00 p.m, Lendi pou rive Vandredi, epi pandan wikenn anvan ak nan Jou Eleksyon an. Tcheke [vote.nyc](https://vote.nyc) pou jwenn orè fonksyonman yo.

**866-VOTE-NYC**

(TTY **212-487-5496**)

pou moun ki mal pou tande yo)

Vizite [vote.nyc](https://vote.nyc) pou jwenn plis enfòmasyon.

|                      | Adrès                                                         | Nimewo telefòn |
|----------------------|---------------------------------------------------------------|----------------|
| <b>Biwo Jeneral</b>  | 32-42 Broadway, 7th Floor<br>New York, NY 10004               | 212-487-5400   |
| <b>Bronx</b>         | 1780 Grand Concourse, 5th Floor<br>Bronx, NY 10457            |                |
| <b>Brooklyn</b>      | 345 Adams Street, 4th Floor<br>Brooklyn, NY 11201             |                |
| <b>Manhattan</b>     | 200 Varick Street, 10th Floor<br>New York, NY 10014           |                |
| <b>Queens</b>        | 118-35 Queens Boulevard, 11th Floor<br>Forest Hills, NY 11375 |                |
| <b>Staten Island</b> | 1 Edgewater Plaza, 4th Floor<br>Staten Island, NY 10305       |                |